



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 15 MILYON DOLA NAN PRI ATRAVÈ FON ETA NEW YORK POU KOMÈSYALIZASYON BIYODEFANS

*Pwogram nan ap akselere efò komèsyalizasyon konpayi ki nan faz debitan yo ak rechèch akademik pou solisyon pou maladi enfeksyé ki nan stad final yo pandan i ap devlope ekonomi syans lavi Eta a*

### ***Benefisyè ki rekòmande nan faz en yo isit la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye seri benefisyè Fon 40 milyon dola pou Komèsyalizasyon Biyodefans Eta New York la. Pwogram lan te kreye pou akselere devlopman ak komèsyalizasyon inovasyon nan syans lavi ki abòde menas maladi enfektye grav ki enkli COVID-19 ak varyant li yo, pandan i ap kreye djòb tou epi ankouraje kwasans kontini sektè syans lavi k ap devlope nan New York la. Sou apwobasyon konsèy Empire State Development lan, y ap bay dizwit sibvansyon pou yon total angajman sibvansyon 15,292,418 dola.

"Eta New York te frape an premye epi te frape pi fò pa COVID-19 la, e menm lè New York kontinye pwogrè li nan konbat virus la ak rekonstrui pi solid, n ap pran mezi pou asire nou prepare pou lavni," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon sa yo ede fè pwomosyon kwasans konpayi syans lavi vizyonè Eta New York yo, pandan y ap ogmante tou preparasyon nou kont menas maladi enfektye kounye a ak alavni, k ap ede kreye yon Empire State ki pi sekirize, pi solid pou ane k ap vini yo."

**Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development Eta New York la, Hope Knight, te deklare,** "Sipòte konpayi inovasyon ki konsantre sou COVID-19 ak lòt maladi enfektye atravè Inisyativ Syans Lavi Eta a te demonstre ke Eta New York ap abòde enkyetid sante mondal yo pandan i ap livre objektif li yo pou devlopman ekonomik epi devlope ekosistèm syans lavi a."

**Komisè Sante Eta New York la Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Fon pou Komèsyalizasyon Biyodefans Eta New York la se yon pwogram inovan k ap fè kapasite kont maladi enfeksyé New York pwogrese epi devlope sektè syans lavi a an menm tan. Envesti nan rechèch ak efò sektè prive a pou konbat maladi enfektye yo—ki enkli COVID-19 ak novo varyan li yo—ap ranfòse aparèy sante publik nou an pi plis epi fè nou pi byen prepare pou lavni."

**Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare,** "Sektè syans lavi Eta New York la se yon kontribitè enpòtan k ap ogmante pou lidèchip nou an nan ekonomi inovasyon mondal la. Envestisman publik nan rechèch ak komèsyalizasyon li ap miltiplie plizyè fwa pa finansman prive ak aktivite ekonomik ke l ap jenere."

Nou envite konpayi Startup k ap devlope dyagnostik ki pwometè, vaksen, terapi ak lòt inovasyon pou anpeche, trete oswa diminye menas maladi enfektye grav yo aplike pou sibvansyon jiska 4 milyon dola. Enstitisyon rechèch akademik New York yo te kapab aplike pou sibvansyon jiska 500,000 dola pou ede akselere swivi pwopriyete entèlektyèl avanse nan syans lavi yo.

Sipò finansye se pa sèl mwayen finansman an ap ede akselere efò komèsyalizasyon yo. Fon an te rekrite plis pase 40 konseye ki gen ekspètiz pwofon nan antreprenarya ak nan devlopman ak komèsyalizasyon biyofamasetik pou ede benefisyè yo avanse teknoloji yo vè komèsyalizasyon. Oryantasyon pèsonalize sa ap fen anpil valè pou fasilité yon chemen siksè alafwa pou devlopman inovasyon ak kwasans konpayi an.

Nan kad faz aplikasyon sa, yo rekòmande sibvansyon sa pou uit konpayi startup ak 10 enstitisyon akademik. Sibvansyon sa yo ta ede pote solisyon pou maladi enfektye sou mache a, ki enkli dyagnostik, terapi ak lòt inovasyon ki abòde oswa redui pwopagasyon maladi enfektye grav yo. Nou te resevwa yon total 177 aplikasyon; 104 te soti nan konpayi startup epi 73 te soti nan enstitisyon akademik.

Pwojè ki resevwa pri yo divèsiye nan sa ki gen pou wè ak repatisyon jeografik ak konsantrasyon yo. Uit konpayi startup yo, ke yo bay yon total 11,115,659 dola, sipòtè efò devlopman ekonomik Eta a anpil pou tire pati nan pwogram li yo vè konpayi yo ak nan kreyasyon/konsèvasyon djòb ak deblokaj kapital siplemantè. Pa egzanp, pri pou startup yo t ap eksplwate sibvansyon ak fon envestisman ki egziste yo k ap bay yon total 61.4 milyon dola. Anplis, konpayi ki benefisyè de yon sibvansyon Fon pou Komèsyalizasyon Biyodefans dwe angaje pou rete nan Eta New York epi fè biznis nan fason kontini pou yon minimòm twa zan apre achèvman sibvansyon an.

### **Inisyativ syans lavi 620 milyon dola Eta New York la**

Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondal nan New York, ansanm ak devlope kapasite eta a pou l komèsylaize rechèch sa a epi devlope ekonomi an. Inisyativ ki gen plizyè aspè sa a gen ladan 320 milyon dola pou pwogram estratejik ki atire nouvo teknoloji sou syans lavi nan eta a, ankouraje envestisman enpòtan nan sektè publik ak prive nan domèn syans lavi k ap emèje yo ak kreye epi agrandi biznis ak travay ki gen rapò ak syans lavi nan New York.

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn biyoteknoloji, famasetik, teknoloji biyomedikal, teknoloji sistèm lavi epi li gen ladan l'organizasyon ak enstitisyon ki konsakre majorite efò yo nan diferan etap rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Chak

jou, konpayi nan sektè sa ap devlope nouvo pwogrè medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, swa atravè nouvo terapi yo oswa deteksyon maladi nan premye faz yo tankou kansè ak maladi newolojik yo. Antrepriz sa yo ap fè pwogrè konsiderab tou nan domèn byoteknoloji agrikòl ak anviwònmantal, ki ap ede kreye yon avni ki pi pwòp epi ki pi dirab.

Lè li ranfòse ankourajman gras a rekonpans, envesti nan enstalasyon, epi amelyore aksè a talan ak ekspètiz, New York pral ogmante yon fason konsiderab pati pa li nan rechèch ak devlopman ke endistri a finanse, soutni komèsyalizasyon rechèch akademik ki egziste yo, epi entegre nouvèl jenerasyon teknoloji avanse yo. Anplis pwogrè nan syans, inisyativ sa ap mete New York nan pozisyon pou li vin yon leman pou antrepriz fakribasyon ki fèk parèt yo, epi konsa ranfòse ekonomi rejyonal yo epi kreye plizyè milye djòb.

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèisifye. Lè yo itilize prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominate pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)